

REPUBLIQUE DU BURUNDI



PRESIDENCE DE LA REPUBLIQUE

Secrétariat Général de l'Etat

**ITANGAZO RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI N°09 YO KU WA  
GATATU IGENEKEREZO RYA 18 RUSAMA 2022**

Inama y'Abashikiranganji yarakoranye kuri uyu wa Gatatu igenekerezo rya 18 Rusama 2022, i Bujumbura, irongowe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE.

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri iyo nama, yaciye aha umwanya Nyakwubahwa Umushikiranganji wa Mbere ngo ashikirize ivyavuye mu nama nteguza y'iyo nama nshikiranganji yarongoye ku magenekerezo ya 13 na 16 Rusama 2022, ivyihwejwe navyo bikaba ari ivyari ku rutonde rw'ivyigwa.

Umushikiranganji wa Mbere ahejeje gushikiriza icegeranyo Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, ivyihwejwe ni ibi bikurikira:

- 1. Integuro y'ibwirizwa risubiramwo ibwirizwa n° 1/35 ryo ku wa 04 Kigarama 2008 ritunganya ikoreshwa ry'amahera ya Reta, yashikirijwe n'umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.**

Reta y'Uburundi yariyemeje gutunganya ku buryo bwa none ikoreshwa ry'amahera ya Reta mu ntumbero yo guteza imbere ubutunzi, nk'uko bitegekanijwe n'Umugambi w'igihugu w'iterambere.

Ni co gituma bikenewe ko mw'ikoreshwa ry'amahera ya Reta, uburyo bwose bwotangwa habanje kwihwezwa ico bugiye gukoreshwa (Budget-programme).

Ivyo bizofasha mw'ikoreshwa neza ry'uburyo buronswa ubushikiranganji butandukanye n'ibindi bisata vya Reta, no gusuzuma icashitsweko.

N'ibwirizwa Nshingiro ryo mu 2018 ryarahinduye ibitari bike bituma hari amategeko n'amabwirizwa ahindika, n'iri ririmwo.

Izo mvo zibiri nizo zitumye Reta itegerezwa guhindura amategeko yisungwa mw'ikoreshwa ry'amahera ya Reta.

Iri bwirizwa rigenga ikoreshwa ry'amahera ya Reta ryo mu 2008 rihinduwe rero kugirango rijane n'ibiriko birahinduka, kugirango ibisata bijejwe kwegeranya uburyo bwa Reta bikore neza, kandi n'ubwo buryo bukoreshwa neza.

Twomenyeshya ko iri bwirizwa rizoba ryerekeye kandi n'amashirahamwe yegamiye Reta, n'ayakoresha umutahe wa Reta.

Muri bimwe bimwe iyi nteguro izanye, twovuga nk'ibi bikurikira :

- Kuronsa ububasha Komine bwo kwegeranya amahera;
- Gushiraho Konte imwe rudende ikurikirana amahera y'ibisata vyegamiye Reta;
- Gutomora neza ubwoko bw'uburyo (sortes de budgets) n'ingene bukoreshwa muri iyi ntumbero nshasha y'uko uburyo buzatangwa haboneka ico bugiye gukoreshwa (budget- programme) ;
- Gutegeka kwerekana icaranguwe kiboneka ku buryo buzoba bwatanzwe;

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje**, mu vyashikirijwe hakaba harimwo ibi bikurikira:

- Gutanga insiguro y'amajambo amw'amawe akoreshwa kugirango iri bwirizwa ryorohe gutahurika;
- Gushira muri iyi nteguro ingingo ivuga ivyerekeye ikoreshwa ry'ubuhinga bwa none mu vyerekeye kwegeranya no gukoresha uburyo bwa Reta;
- Gutegura neza inyigisho kuri abo bose bazoba bahamagarirwa gushira mu ngiro iri bwirizwa ;
- Gutegura neza ibisabirwa uburyo kugirango hageze ko butangwa bizokworohe;
- Gutomora neza muri iri bwirizwa igihe itegurwa n'ikoreshwa ry'amahera ya Reta ritangurira n'aho rihereza mu mwaka.

**2. Integuro y'itegeko rishinga imirimo rikongera rigatunganya Igisata kijejwe gukurikirana ingene amashirahamwe atagekaniriza kazoza abenegihugu akora**, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe gushigikirana, imibano, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira.

Imbere y'ishirwaho ry'ibwirizwa n°1/12 ryo ku wa 12 Rusama 2020 rigenga gukingira no gutegekaniriza kazoza abenegihugu mu Burundi, imirimo yo gukurikirana no guteza imbere ico gisata co gutegekaniriza yakorwa n'umurwi w'igihugu ujejwe gutegekaniriza kazoza abenegihugu, ugengwa n'itegeko n°100/

237 ryo ku wa 22 Myandagaro 2012. Uwo murwi urafise Ubunyamabanga nshingwabikorwa ntayegayezwa buwufasha mu bijanye n'ubuhinga.

Kimwe muri bishasha iryo bwirizwa ryazanye, ni ugushiraho Igisata kijejwe gukurikirana ingene amashirahamwe atagekeniraza kazoza abenegihugu akora.

Akamaro k'ico gisata ni ntangere kuko haribonekeza amatati hagati y'abategekanirijwe n'amashirahamwe abijejwe, cane cane ku bijanye n'urugero rwa pansiyu.

Ikindi naco, kubera abikorera ivyabo bashobora gushiraho mwen'ayo mashirahamwe, bisaba ko haba hari igisata kibemerera kandi kikabakurikirana, kugirango ntihabemwo akarenganyo, n'abanywanyi b'ayo mashirahamwe bakingirwe.

Ni muri iyi ntumbero iyi nteguro yashikirijwe, kugirango ishira mu ngiro ibitegekanywa n'ibwirizwa n°1/12 ryo ku wa 12 Rusama 2020 rigenga gukingira no gutegekaniriza kazoza abenegihugu mu Burundi.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje**, ica ishikiriza ibi bikurikira :

- Gusigura amajambo amw'amwe akoreshwa kugirango iri tegeko ryumvikane neza;
- Gusubiramwo itegeko ritunganya ubushikiranganji, kugirango iki gisata gishirwe mu bikukira ubwo bushikiranganji;
- Gushinga imishahara y'umuyobozi mukuru n'abayobozi hakoreshejwe itegeko nshikiranganji rishizweko umukono n'abashikiranganji babiri : uwo ico gisata gikukira, be n'uwujwe ikigega ca Reta ;
- Gutomora igitigiri c'abahanuzi, n'ico umw'umwe wese ajejwe.

**3. Integuro y'itegeko risubiramwo itegeko n°100/237 ryo ku wa 22 Myandagaro 2012 ritunganya umurwi w'igihugu ujejwe gukingira no gutegekaniriza kazoza abenegihugu**, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe gushigikirana, imibano, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira.

Kuva hashinzwe umugambi w'igihugu wo gukingira no gutegekaniriza kazoza abenegihugu mu Burundi muri Ndamukiza 2011, ico gisata carateye imbere bimwe biboneka.

Mu gushira mu ngiro uwo mugambi, Reta y'Uburundi yarashizeho umurwi w'igihugu ujejwe gutegekaniriza kazoza abenegihugu.

Kubera ico gisata kigoye, uwo murwi w'igihugu ukorera ku nzego zine :

- (i) Urwego rw'igihugu rukurikiranira hafi imigambi yo gutegekaniriza no gukingira abenegihugu;
- (ii) Urwego rw'abahinga rushira mu ngiro imigambi;
- (iii) Ama komite yo mu ntara ;
- (iv) Amakomite yo mu ma komine.

Isubirwamwo ry'itegeko rishiraho uwo murwi w'igihugu ritumwe n'uko irihari rifise udutotsi dukwiye gukosorwa, be rero n'uko mu mategeko agenga intwaro mu gihugu hagati hari ivyahindutse bitegerezwa kwisungwa.

Ikindi naco, ni uko ibwirizwa n°1/12 ryo ku wa 12 Rusama 2020 rigenga gukingira no gutegekaniriza kazoza abenegihugu mu Burundi ryatanze intumbero nshasha mu bijanye no gushira mu ngiro umugambi w'igihugu wo gukingira no gutegekaniriza kazoza abenegihugu, mu gutegekanya inzego zikurira:

- Umurwi w'igihugu ujejwe gukurikirana ishira mu ngiro ry'uwo mugambi
- Igisata kijejwe gukurikirana ingene amashirahamwe atagekaniriza kazoza abenegihugu akora.

Iyi nteguro rero irasubiramwo ibijamwe n'imirimo uwo murwi wari ujejwe, igatomora aho abagize inzego zitandukanye baturuka, igatomora ibijanye n'uburyo uwo murwi ukoresha, n'ibindi.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje**, mu vyashikirijwe navyo hakaba harimwo ibi bikurikira:

- Kwandika neza ingingo ya mbere y'iyi nteguro, ibirimwo bigasa n'ibiri ku mutwe wayo;
- Kugabanya abagize umurwi w'igihugu hakajamwo abashikiranganji bakurikira :
  - o Uwujwe gukingira no gutegekaniriza kazoza abenegihugu ;
  - o Uwujwe akazi ;
  - o Uwujwe amagara y'abantu;
  - o Uwujwe ikigega ca Reta;
  - o Ujewe intwaro mu guhugu hagati n'umutekano;
  - o Uwujwe indero ;
  - o Uwujwe ubutungane ;
  - o Uwujwe kwivuna abansi.
- Gutunganya amanama uku gukurikira :
  - o Rimwe mu mezi atandatu ku rwego rw'igihugu ;
  - o Rimwe mu mezi atatu ku rwego rw'intara ;

- Rimwe mu kwezi ku rwego rwa Kominde.

**4. Integuro y'ibwirizwa ryemeza amasezerano y'ingene Reta zunze Ubumwe za Amerika zofasha Repuburika y'Uburundi gushika kw'iterambere rirama, yashikirijwe n'umushikiranganji w'imigenderanire y'Uburundi n'ayandi makungu no gufashanya mw'iterambere.**

Imigenderanire hagati ya Reta y'Uburundi na Reta zunze ubumwe za Amerika ihari kuva mu mwaka w'1964. Kuva ishami ry'igisata ca Amerika kijejwe iterambere mpuzamakungu rishinzwe aha mu Burundi mu mwaka w'1979, iyo migenderanire yaciye ibandanya ikomera cane.

Kuva mu mwaka w'1980, Reta zunze ubumwe za Amerika zibicishije ku gisata cazo kijejwe iterambere mpuzamakungu, zaratanze uburyo zongera zirarangura imigambi myinshi mu bisata bitandukanye ngaha mu Burundi.

Mu ntumbero yo gukomeza ubucuti hagati y'ivyo bihugu, harashizwe umukono ku masezerano nyamukuru yo gufashanya mu vy'ubutunzi n'ubuhinga kw'igenekerezo rya 12 Kigarama 2007.

Amasezerano atatu mu bisata bitandukanye nayo yaciye aterwako umukono muri Nyakanga 2008 biciye mu gisata ca Amerika kijejwe iterambere mpuzamakungu.

Kuva mu mwaka w'2014, imigenderanire y'Uburundi na Reta zunze ubumwe za Amerika yabaye nk'iyicumbagira, bica bituma ukwo gufashanya gusa n'uguhagaze.

Kuva inama nkenguzamateka na nshingamateka za Reta zunze ubumwe za Amerika zifashe ingingo yo gukuraho ibihano vy'akarenganyo vyari vyafatiwe Uburundi kuva mu mwaka w'2015, ama Reta y'ivyo bihugu bibiri yarateye umukono ku masezerano y'ingene Reta zunze Ubumwe za Amerika zofasha Repuburika y'Uburundi gushika kw'iterambere rirama, aho hari kw'igenekerezo rya 11 Ruhuhuma 2022.

Ayo masezerano yerekeye uburyo bugera ku miliyoni amajana ane z'amadolari y'abanyamerika, azokoresha kuva muri uyu mwaka w'2022 gushika mu mwaka w'2026.

Uburundi bwemeje ayo masezerano, buzoba bufashije kugirango aje mu ngiro ningoga, kugirango uburyo ntibutebe gutangwa nk'uko ayo masezerano abitegekanya.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro **yarayemeje**.

**5. Integuro y'ibwirizwa ryemeza amasezerano yo gufashanya mu vy'ubutunzi n'ubuhinga hagati ya Reta y'Uburundi na Reta zunze ubumwe z'Abarabu, yashikirijwe n'umushikiranganji w'imigenderanire y'Uburundi n'ayandi makungu no gufashanya mw'iterambere.**

Reta y'Uburundi na Reta zunze ubumwe z'Abarabu zifitaniye imigenderanire myiza kuva kera.

Mu ntumbero yo gukomeza ubwo bucuti no gufashanya, harashizwe umukono ku masezerano yo gufashanya mu vy'ubutunzi n'ubuhinga hagati y'ivyo bihugu bibiri, igihe Nyenicubahiro umukuru w'Igihugu c'Uburundi yagendera ico gihugu muri Munyonyo 2021.

Muri ayo masezerano, hashimikiwe kw'iterambere no gukomeza ugufashanya mu vy'ubutunzi hagati y'ivyo bihugu.

Ukwo gufashanya kuzoba muri ibi bisata bikurikira:

- a. Ubudandanji ;
- b. Gushinga imitahe;
- c. Uburimyi, ubworozi, uburovyi ;
- d. Amasoko ntanganguvu ;
- e. Ubutare n'amahinguriro;
- f. Inyubako;
- g. Ingenzi ;
- h. Ugutumatumanako amakuru no gutwara abantu n'ibintu.

Izo mpande zibiri rirashora gufashanya no mu bindi bisata zibona bifise akamaro, zifatye kuvyo zibona vyoshirwa imbere mu guteza imbere ubutunzi .

Uburundi bwemeje ayo masezerano, buzoba bushize mu ngiro umugambi wo guteza imbere gufashanya mu gisata c'ubutunzi, ushingiyeye ku nkingi zitanu ari zo gukwega imitahe mvamahanga, kuzana mu gihugu ubuhinga bwa none, guteza imbere igisata c'ingenzi, kugwiza amahinguriro mu gihugu, no guteza imbere inyubako.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, **yarayemeje.**

Inama nshikiranganji yaciye iboneraho akaryo ko gusaba ibi bikurikira :

- Gutegura ningoga imigambi yashikirizwa hisunzwe ivyo bisata vyo gufashanyamwo ;
- Gukoresha uburyo bwategekanyijwe mu bushikiranganji bw'ikigega ca Reta bugenewe ivyigwa vy'imigambi.

**6. Urwandiko rujanye n’aho umugambi wo kwubaka Ikigo c’ubudandaji ahahoze isoko nkuru ya Bujumbura ugeze, rwashikirijwe n’Ibiro vy’Umuhikiranjanji wa Mbere.**

Kw’igenekerezo rya 26 Gitugutu 2020, Ishirahamwe ry’amabanki ryarashikirije urwandiko Reta y’Uburundi, riyisaba ikibanza cahozemwo isoko ya Bujumbura, kugirango kihubake ikigo kinini c’idandarizo.

Kw’igenekerezo rya 09 Kigarama 2020, inama nshikiranjanji yarihweje ico gisabo, ica iremera ko Reta yokorana n’iryo shirahamwe ry’amabanki mu kurangura uwo mugambi, ica isaba ibi bikurikira :

- Gushinga ishirahamwe rusangi ryoba rigizwe n’abafise uburyo bufadika, kuko izoba ari inyubako isaba uburyo bwinshi.
- Abaserukira Reta n’abaserukira iryo shirahamwe ry’amabanki kuja hamwe kugirango bumvikane ku rupapuro rw’inzira ( feuille de route) n’ukugene ibikorwa vyogenda birakurikirana, bongere bihe ibiringo ntabanduka vyo gutangura no guheza kwubaka kugirango iryo soko ritangure gukora kuko Abarundi baririndiranye igishika cinshi.

Kw’igenekerezo rya 12 Nzero 2021, harashizweho umurwi w’abahinga kugirango ushireho urwo rupapuro rw’inzira, berekane n’ingene ibikorwa bizozza birakurikirana.

Kw’igenekezo rya 7 Ndamukiza 2021, inama nshikiranjanji yarihweje urwo rupapuro rw’inzira yongera irarwemeza, yongera iremeza n’amasezerano y’umwumvikano hagati ya Reta n’iryo shirahamwe ry’amabanki.

Hihwejwe ibimaze gukorwa ku bijanye n’ico kibanza, biraboneka ko hari ibimaze gucemerwa hafatiwe ku vyari vyategekanijwe :

- Iyemezwa ry’itegeko ryemerera Reta gushira umutahe muri iryo shirahamwe rusangi be n’iryo gutiza ico kibanza, iryo shirahamwe ryari ritegekanijwe muri Ruheshi 2021 ;
- Itorwa ry’ishusho y’iyo nyubakwa vyari kuba muri Munyonyo 2021 ;
- Gushikirizwa ivyigwa no gutanga isoko yo kwubaka ico kigo vyari bitegekanijwe muri Ruheshi na Mukakaro 2022 ;
- Gushiraho ibuye ryo kwugurura ibikorwa vyari bitegekanijwe muri Ndamukiza 2023, ico kigo kikinjirwa muri Ndamukiza 2026.

Kubera ko ibikorwa bimaze gucemerwa, ishirahamwe ry’amabanki ritegerezwa kwerekana neza ko rishobora gukora ibishoboka, ibikorwa bikazorangirira mu kiringo categekanijwe.

Mu gihe iryo shirahamwe ritoba rishobora kwerekana ko rishobora kwiriha uwo mwanya watakaye ngo ryubake ico kigo mu kiringo categekanijwe mu rupapuro rw'inzira, ico kibanza coca gihabwa abandi.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino ico kibazo, **yashitse** kuri ibi bikurikira :

- Ukwo gucemerwa bishobora kwisigura kubera ukugene ibikorwa bitegerezwa gukurikirana. Ibijanye n'ivyigwa vyokorwa kuri uwo mugambi, ntivyokunda rirya shirahamwe rusangi ritarashingwa. Inama nshikiranganji yaciye isaba ko:
  - o Mu kiringo c'ukwezi kumwe iryo shirahamwe rusangi ryoba ryashinzwe kugirango rice ribandanya ibikorwa bizokurikira;
  - o Abazoba barongoye iryo shirahamwe bazoca berekana ingene ibikorwa bizoca bikurikirana ;
  - o Guhimiriza abafise uburyo kuzana umutahe muri uwo mugambi.

**7. Urwandiko rujanye n'icegeranyo c'umurwi wagenywe ngo ushire mu ngiro ivyashinzwe n'inama nshikiranganji ku vyerekeye amasezerano y'ubuguzi bw'ikibanza c'ahahora ikibuga c'umupira AFB hagati ya Reta y'Uburundi n'ishirahamwe Toyota, yashikirijwe n'umushikiranganji w'inyubako, ibikorwa n'ibikoresho vya Reta no kugwiza uburaro**

Ikibanza c'ahahora ikibuga c'umupira AFB caguzwe n'ishirahamwe Toyota Burundi mu mwaka w'2013 kugirango rihubake imangazini nini zigezweho mu kiringo c'amazi mirongo itatu n'atandatu akurikira ishirwako umukono kuri ayo masezerano y'ubuguzi.

Kuva ico gihe, harabaye amakete menshi hagati y'ubushikiranganji na Toyota Burundi, mu kuryibutsa kwubahiriza amasezerano.

Ariko ishirahamwe Toyota Burundi ntaco ryigeze rikora gushika ubu. Ahubwo ryagumye ryiteza utunyoni rivuga ko ryabujijwe kwubaka n'umufurege utwara amazi uca muni y'ico kibuga.

Ubushikiranganji ntibwahengeshanije kugabisha Toyota Burundi kugirango rishire mu ngiro amasezerano, ariko vyabaye akayobera abahinga.

Urwandiko rwerekeye ico kibazo rwarihwejwe n'inama nshikiranganji kw'igenekerezo rya 07 Ndamukiza 2021 , no kw'igenekerezo rya 21 Kigarama 2021, ica ishingira ibi bikurikira :



- Kwegeranya ivyo vyose vyerekana ingene TOYOTA yakoresheje ibisa n'ubusuma haba mu kuronswa urupapuro ndangatongo canke mu kurushikiriza irindi shirahamwe ;
- Gufuta amasezerano y'ubuguzi bw'ico kibuga yari hagati ya Reta na TOYOTA, Reta isubire ku vyayo ;
- Kwerekana uruhombo TOYOTA yateje Reta ;
- Kuraba ko ico kibuga kikimeze nk'uko cari, igihe cagurishwa ;
- Guharura ivyo TOYOTA yivye Reta hanyuma ibirihe.

Haragenywe umurwi ujejwe gushira mungiro ayo masezerano.

Icegeranyo uwo murwi wagize kirimwo ivyo wise inyishu ku vyasabwe n'inama nshikiranganji, be n'uruhara rw'izo mpande zibiri ku bijanye n'iyi dosiye.

Ico cegeranyo kirerekana kandi ivyipfuzo vy'izo mpande zose, kugirango ico kibazo kive mu nzira bitarinze kuja mu manza.

Umurwi w'abashikiranganji wari wagenywe wihweje ico cegeranyo, wasanze uwo murwi w'abahinga ata nyishu watanze kuvyo inama nshikiranganji yari yasavye. Nk'akarorero :

- Ico cegeranyo kivuga ko urupapuro ndangatongo Toyota yarushikirije uwundi biciye mu mategeko kandi Reta itigeze ibimenyeshwa mu gihe ari yo yari ifitaniye amasezerano na Toyota.
- Abahinga bo mu Kigo OBR bavuga ko babona ko Reta yagize uruhombo ku mahera yari kwinjira, mugabo ko badashobora kuyaharura kubera ko badafishe ivyerekana ingene uwo mugambi wari kurangurwa, mu gihe ari co gikorwa bari basabwe ;
- Uruhombo TOYOTA yateje Reta ntirwaharuwe.

Kubera ivyo vyose, hasabwa ko ico cegeranyo ata gaciro cohabwa, hanyuma ivyo inama nshikiranganji yari yasavye bigashirwa mu ngiro.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza ivyo vyose, **yacyiye ishingira** ibi bikurikira :

- Umurwi wari washinzwe ngo ushire mu ngiro ivyashinzwe n'inama nshikiranganji kw'igenekerezo rya 21 Kigarama 2021 wafashe minenerwe inyungu za Reta, uhengamira kw'ishirahamwe TOYOTA BURUNDI ;
- Abagize uwo murwi barakwiye gufatirwa ibihano n'ibisata baserukira kuko batakoye ico bari batumwe;
- Umushikiranganji ajejwe inyubako, ibikorwa n'ibikoresho vya Reta azoca ashira mu ngiro ivyasabwe n'inama nshikiranganji kw'igenekerezo rya 21 Kigarama 2021, bikenewe yifashishe n'izindi nzego canke ibisata vya Reta;

- Mu nama nshikiranganji izokurikira, uwo mushikiranganji azoheza ashikirize aho agejeje kubishira mu ngiro.

- 8. Amasezerano hagati ya Reta y'Uburundi n'Ikigega Mpuzamakungu kijejwe iterambere ry'uburimi yerekeye uburyo bugenewe umugambi wo guteza imbere ishingwa ry'amashirahamwe mu gihugu hagati (PRODER)**
- 9. Impinyanyuro y'amasezerano yerekeye uburyo bugenewe umugambi wo kugwiza umwimbu no kugabanya ubukene mu Burundi (PIPARV-B) biturutse ku buryo bwongewe uwo mugambi**

Izo nteguro uko ari zibiri zashikirijwe n'umushikiranganji w'ibidukikije, uburimi n'ubworozi.

Mu ntumbero yo kurwanya inzara ku buryo burama, guteza imbere ubutunzi no kuduza amikoro ku benegihugu, Reta y'Uburundi iriko irashira mu ngiro umugambi w'igihugu w'iterambere, cane cane mu kurondera uburyo bukenewe.

Nico gituma Reta y'Uburundi, ibifashijwemwo n'Ikigega mpuzamakungu kijejwe iterambere ry'uburimi (FIDA), yashizeho **umugambi wo guteza imbere ishingwa ry'amashirahamwe mu gihugu hagati (PRODER)**, uzokoresha uburyo bungana miliyoni mirongo itanu na zitatu n'ibihumbi amajana indwi (53,700) z'amadolari y'abanyamerika mu kiringo c'imyaka indwi.

Uwo mugambi uzorangurirwa mu ntara cumi na zibiri ari zo : Bubanza, Cibitoke, Muramvya, Rutana, Ruyigi, Karusi, Kayanza, Ngozi, Gitega, Muyinga, Makamba na Bururi.

Ihangiro ry'uwo mugambi ni gufasha kugabanya ubukene, gufungura neza, no guteza imbere ishingwa ry'amashirahamwe mu rwaruka, be n'amashirahamwe y'abarimi n'aborozi.

Ubwo buryo buzokoreshwa mu mice itatu, ari yo y'iyi ikurikira:

- Guteza imbere amashirahamwe y'urwaruka rwo mu gihugu hagati, n'abakenyezi ;
- Gushigikira iterambere ry'amashirahamwe y'abarimi n'aborozi, harimwo gufasha mw'ishirwa hamwe ry'amatongo mu ntumbero yo kugwiza umwimbu;
- Gukurikirana ishira mu ngiro ry'uyu mugambi.

**Ku bijanye n'amasezerano yerekeye uburyo bugenewe umugambi wo kugwiza umwimbu no kugabanya ubukene mu Burundi (PIPARV-B), ayo**

masezerano ajanye n'uburyo bwongewe uwo mugambi bugera ku miliyoni cumi (10) z'amahera y'abanyamerika aje yiyongera ku miliyoni mirongo ibiri n'indwi n'ibihumbi amajana ane na mirongo umunani n'umunani (27,488) yaronkejwe uwo mugambi mu mwaka w'2019.

Uwo mugambi urangurirwa mu ntara zitanu, amakomine mirongo ibiri ari zo : Gitega ( komine 7) ; Karusi ( Komine 3); Kayanza ( Komine 4) ; Ngozi (Komine 3) na Muyinga ( Komine 3).

Ubwo buryo buzokoresheya mu mice itatu ari yo y'iyi ikurikira:

- Gutunganya neza amatongo,
- Gutunga neza amashirahamwe, kugwiza umwimbu no guteza imbere amakoperative,
- Gukurikirana ishira mu ngiro ry'uyu mugambi.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iza nteguro zibiri, **yarazemeje**, ivyasabwe bikaba ari ibi bikurikira :

- Gutunganya neza imigambi iba ifashwe mu mugongo n'abafashanya n'Uburundi, kugirango naho uburyo batanze bwohera, Reta iyibandanye ;
- Kwamana imigambi iteguye neza kugirango ishikirizwe abipfuzaga gushigikira igihe cose babonetse;
- Ubushikiranganji bwose bwokurikirana imigambi yose, n'iyirangurirwa mu bundi bushikiranganji, kugirango habonetse aho aba n'aba bashobora gukorana vyorohe.

## 10. Utuntu n'utundi

Umushikiranganji ajejwe gushigikirana, imibano, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira yaramenyeshye inama nshikiranganji ibijanye n'ishirwa mu ngiro ry'umugambi wo gukura abana mw'ibarabara, be n'abakuzwe basegerereza.

Yamenyeshye ko ari igikorwa gisaba inguvu za bose.

Ubushikiranganji bwose busabwa gufata ingingo ziboneka buzoshira mu ngiro, no gutegekanya uburyo bukenewe kugirango ico gikorwa gishoboke.

Inama nshikiranganji yabonye ko iyo ngorane y'abana bo mw'ibarabara ari ingaruka yo kutiyumvira ibintu hakiri kare kugirango ingingo zishobore gufatwa. Yaciye isaba ko ibintu vyoza birihweza hakiri kare, inkurikizi zikigwa neza, gurtyo hagaca hatunganywa imigambi ivyerekeye.

Mu guheraheza, Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu yaribukije abashikiranjanji kuza baragenda Intara, bakagirisha inama abakozi babo bakorerayo bari kumwe n'abajejwe intara. Ivyo vyoca bituma ubushikiranjanji bwose mu vyo bujejwe be n'abajejwe intara, babona ibintu kumwe.

Bigiriwe i Bujumbura, igenekerezo rya 19 Rusama 2022

Umunyamabanga Mukuru wa Reta akaba n'Umuvugizi wayo

Prosper NTAHORWAMIYE